

REGLEMAN SOU PREZANS AK ABSANS LEKÒL

(Attendance Policy)

PREZANS AK ABSANS LEKÒL

TOUT ELÈV KI GEN LAJ OBLIGATWA POU ALE LEKÒL DWE ALE LEKÒL TOULEJOU PANDAN 180 JOU DIRAN ANNE ESKOLÈ-A OSWA AKIMILE EKIVALAN 180 JOU KALKILE SOU BAZ INÈDTAN KONFÒMEMAN AK REGLEMAN *STATE BOARD OF EDUCATION* (KÒMISYON ESKOLÈ LETA). FANMI TIMOUN KI NAN LAJ POU ALE LEKÒL, RESPONSAB POU FÈ ANSÒT PITIT-YO PREZAN CHAK JOU LEKÒL. PASKE MOVE PÈFÒMANS NAN ETID ASOSYE AVÈK ABSANS LEKÒL, LEKÒL-YO VA AJI ATAN POU PREVNI ABID ABSANS LEKÒL KI KAPAB ENDIKE BONNÈ TANDANS ELÈV-LA POU LI VIN YON ABSAN ABITYÈL (TRUANCY). LEKÒL-YO VA KOWOPERE AVÈK AJANS LETA AK AJANS LOKAL KI OKIPE KEKSYON PREVANSYON *TRUANCY* (TWÒP ABSANS LEKÒL SAN PÈMISYON), KEKSYON ENTÈVANSYON AK AKSYON LAJISTIS.

NA JWENN LÒT RANSÈYMAN ANRAPÒ AK PREZANS EPI ABSANS LEKÒL NAN PIBLIKASYON AKTYÈL LIV KÒD KONDWIT POU ELÈV (*CODE OF STUDENT CONDUCT*) KI APWOUVE, KÒM REGLEMAN *SCHOOL BOARD POLICY*.

REGLEMAN:

DEFINISYON

I. ESKOLARIZE TIMOUN, OBLIGATWA

A. Tout timoun ki gen sizan oswa ki va gen sizan rive Premye Fevriye nan nenpòt ane eskolè, oswa timoun ki gen plis pase sizan men ki poko rive laj 16zan oswa timoun ki rive laj espesifye swivan Lwa Leta, kenenpòt ki pi aje, sòf sou kondisyon ak sikonstans ki mansyonnen anba a, blije ale lekòl regilyèman pandan tout 180-jou-yo oswa ekivalan 180 jou kalkile sou baz inèdtan konfòmeman ak dire ane eskolè *Board of Education* Leta a fikse. (F.S.1003.21) (1) (a))

B. Yon elèv ki rive laj sèzan (16) diran ane eskolè a pa oblije kontinye ale lekòl si li depase sèzan epi si li ranpli yon deklarasyon fòmèl pou di li gen entansyon tèminen anwolman-li ak *School Board* (Komisyon eskolè). Nan deklarasyon sila, elèv-la dwe rekonnèt desizyon pou li kite lekòl definitivman, pa pouswiv anwolman li ak lekòl-la, sa kapab diminye chans li pou li fè plis lajan pi devan. Timoun-nan ak fanmi-li dwe siyen deklarasyon-an. Yon elèv ki gen dizwitan (18 ane) pandan ane eskolè a pap sibi okenn sanksyon legal si li eskolarize. (F.S.1003.21 (2) (c))

C. Yo pa kapab retire yon elèv ki poko gen sèzan (16 ane) nan lekòl-li pou kèlkeswa rezon sòf si nan yon aksyon *Board*-la espilse elèv-la oswa Lwa Leta Florid prevwa ka dispans. (F.S.1002.20 (2)(b)).

D. Kondisyon eskolarizasyon obligatwa kapab satisfè avèk pwogram ansèyman adomisil (*home education program*) (F.S.1002.01 (2) (b) 20 (2)(b)).

1. Yon pwogram ansèyman adomisil- "*home education program*" vledi enstriksyon pwogresif regilye, an sekans, yon elèv resevwa epi fanmi-li sipèvize. Sa va satisfè kondisyon eskolarizasyon obligatwa selon lwa Leta S.S. 1002.41, 1003.01(4) ak 1003.21 (1).(F.S. 1002.01(1))

E. Pou elèv ki anwole nan Pwogram Depatman jistis jivenil (*Department of Juvenile Justice Programs*), se lwa Leta-a ak lòt regleman, ki reji keksyon eskolarizasyon obligatwa epitou ki prevwa pou pwogram-la sesyon pi long (F.S. 1003.52).

II. PRAN ABITID ABSAN LEKÒL

Yon elèv ki absan pandan aktivite enstriksyon yo kapab pwouve sa lè elèv-la anreta, lè li siyen pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa ak lè li absan pandan yon jounen oswa yon pati nan yon jounen. Distrik-la rekòmande pou tout elèv vin lekòl chak jou.

A. Sòf si fanmi prezante/soumèt dokimantasyon aseptab, absans chak jou ki akimile e ki pa eskize poutèt reta oswa soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa, tout absans-sa-yo rive totalize 5 jou (30 è) nan yon tan nèf semenn klas (*marking period*) oswa 10 jou (60 è) nan de tan nèf semèn klas, kapab pwouve elèv-la ap pran abitud absan lekòl (*pattern of non-attendance*).

B. Si elèv-la ap montre l ap pran abitud absan lekòl, direktè lekòl-la kapab mande pou tout absans ki vin apre, papye ki jistifye rezon absans-sa-yo. (F.S. 1003.24(4)) Yon elèv ki absan pandan aktivite enstriksyon, yo kapab pwouve sa lè elèv-la rive anreta, siyen pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa, oswa absan pandan tout yon jounen oswa yon pati nan jounen-an.

C. Yon absan abityèl (*Habitual truant*) vledi se yon elèv ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan 90 jou, fanmi-li okouran oswa pa okouran oubyen paran-an ka bay konsantman pou jistifye absans-yo, elèv sila nan laj obligatwa pou ale lekòl dapre lwa seksyon s. 1003.21 (1) ak (2) (a), epi li pa egzante dapre lwa F.S.1003.21 (3) oswa s. 1003.24, oubyen li satisfè kritè pou nenpòt dispans lalwa oswa regleman *State Board of Education* fikse. (F.S.1003.01 (8)).

D. *Home Education Program* (Pwogram ansèyman adomisil): Pou ansèyman adomisil, gade nan regleman Board Policy # 6000.1 (F.S. 1003.26(f)) pou konnen ki regleman prezans ak absans ki aplikab lè yon elèv ap swiv pwogram ansèyman adomisil.

III. ABSANS

A. ABSANS ESKIZE /JISTIFYE

Elèv-yo dwe prezan lekòl sòf si absans-la otorize oswa eskize pou youn nan rezon ki enimerè nan lis anba (F.S. 1003.24(4), 1003.26)

1. Maladi elèv-la.
2. Maladi yon manm pwòch nan fanmi elèv-la.
3. Lanmò nan fanmi elèv-la.
4. Jou konje pou fèt relijye dapre relijyon elèv-la.
5. Yon manda konparisyon devan tribinal oswa sitasyon.
6. Evènman espesyal. Egzanp, evènman ak okazyon espesyal enkli seremoni piblik enpòtan, aktivite anrichisman edikasyonnèl, konferans, konpetisyon Leta / nasyonnal, tou / vizit kolèj ak inivèsite ak lè gen ijans nan fanmi-an.
7. Randevou kay doktè oswa dantis.
8. Elèv ki genyen osnon yo sispèk gen yon maladi atrapan oswa parazit, pa gen dwa vin lekòl toutotan yo pa trete oswa yo pa prezante yon danje pou lezòt ankò (F.S. 1003.22). Men kèk egzanp maladi kontajye ak maladi atrapan men se pa yo sèlman, tik, pou nan tèt, pyas, bouton ki fè pi ak demanjezon/gratèl, enpetigo. Yo pèmèt elèv-yo gen yon maksimòm senk jou absans eskize chak fwa yo atrape maladi kontajye pou nan tèt oswa karang.
9. Yo pa konsidere elèv absan lè yo patisipe nan sòti òganize (field trips), lè yo ale nan yon pwogram altènatif ki ranplase sispansyon oswa lè yo ale nan sispansyon andedan lekòl.

B. ABSANS KI PA ESKIZE/SAN REZON

Yon absans san eskiz, jan sa defini nan seksyon anvan-an, ap konsidere kòm absans ki pa eskize.

1. Elèv ki pa prezante yon sètifika vaksen (Certificate of Immunization) konplèt ki montre li pran tout vaksen nan dat li te dwe pran-yo pap otorize ale nan klas toutotan li pa pote dokiman-sa-a oswa pwouve li gen yon dispans. Pran vaksen obligatwa; si elèv-la pa konfòme l, yap konsidere absans-li-yo nan ka-sa-a kòm absans ki pa eskize. (F.S. 1003.22(1)).
2. Pou elèv k'ap transfere nan Broward County ak elèv Leta plase kay fanmi (*foster care students*), oswa elèv san lojman (*homeless students*), yo dwe ba-yo pwovizwaman pou 30-jou yon dispans; kifè, elèv-sa-yo

kapab prezante apre sètifika vaksen ak dosye konsiltasyon ak sante. Lòt kategori elèv kapab benefisyè tou de dispans-la (F.S. 1003.22(1) (5) (e))

3. Elèv ki ale nan sispansyon andeyò lekòl gen opòtinite patisipe nan yon pwogram altènatif ki ranplase sispansyon. Si elèv-la pa ale nan pwogram-la jou li ta dwe ale, yo va konsidere absans-yo kòm sispansyon. Elèv andikape, (elèv ak dizabilite - SWD) k'ap resevwa yon edikasyon piblik gratis apwopriye dapre lwa FAPE (*Free and Appropriate Public Education*) lè li pa ale nan pwogram sispansyon andeyò lekòl, yo va make elèv-sa absan dapre regleman sou prezans ak absans lekòl. Yo va pèmèt elèv andikape (*SWD student*) fè devwa li te manke kit li te ale nan pwogram altènatif ki ranplase sispansyon kit li pa tale.

C. RETA

Yo konsidere yon elèv anreta lè li pa nan saldeklas alè klas-la dwe kòmanse.

1. Fanmi dwe swiv menm pwosesis yo swiv pou eskize yon absans lè yo vle eskize yon reta.
2. Pou elèv ki gen reta eksèsif (twòp reta), yo va konsidere chak ka pou detèminen si elèv-la pran abitid vin anreta. Yon elèv ki absan pandan aktivite enstriksyon, yo ka pwouve sa lè elèv-la anreta, lè li siyen pou soti anvan lè nòmral ranvwa, oswa lè li absan pandan yon jounen oswa yon pati yon jounen.
3. Reta san yon nòt pou esplike rezon-an ap pase pou reta ki pa eskize, kèlkeswa klas-la.
4. Definisyon reta abityèl se lè yon elèv anreta 5 fwa nan yon peryòd nèf semenn klas (*marking period*).
5. Direktè lekòl-yo gen diskresyon eskize yon reta selon sikonstans espesyal.
6. Sòf si yo eskize reta dapre dispozisyon regleman sa, yo va anrejistre tout reta akimile kòm absans ki pa eskize. (F.S. 1003.02 (1) (b))

D. RÈG POU ELÈV K'AP SOTI LEKÒL ANVAN LÈ NÒMAL RANVWA (EARLY SIGN-OUTS)

1. Lekòl-la pa gen dwa kite yon elèv soti lekòl-la pandan dènye 30 minit ki rete pou jounen lekòl-la fini sòf si direktè-a/anplwaye ki deziyen detèminen gen reyèlman yon emèjensi, ka ijans.
2. Chak lekòl va tabli pwosedi pou lè lekòl lage bonnè epi ki garanti tout elèv ap trete menm jan.
3. Pou elèv ki siyen twòp anvan lè nòmral ranvwa, yo va konsidere chak ka pou detèminen si elèv-la ap pran abitid absan. Yo kapab pwouve yon elèv absan diran aktivite enstriksyon lè li anreta, lè li

siyen pou soti avan lè nòm al lekòl lage, oswa absan pandan yon jounen oswa yon pati nan jounen-an.

4. Sòf si soti lekòl anvan lè nòm al ranvwa eskize dapre dispozisyon regleman sa, lè elèv-la siyen twòp pou li soti lekòl anvan lè lekòl lage, yo va anrejistre sa kòm absans ki pa eskize. (F.S. 1003.02 (1) (b))

DWA AK RESPONSABLITE ELÈV

1. REGLEMAN

- a. Elèv-yo, dapre laj-yo, responsab mande fanmi-yo avèti lekòl-la lè yo absan.
- b. Yon elèv ki ale nan sispansyon entèn, dwe ajou kanmenm ak devwa klas-la epi renmèt devwa li toulejou.
- c. Elèv ki marye, ki se manman oswa papa, oswa ki gen lespwa vin paran andwa rete nan pwogram regilye lekòl-yo oswa yo ka ale nan yon pwogram espesyal nan yon Sant. Sant-la ofri pwogram adapte a bezwen espesifik sitiyoasyon-yo.

Pran nòt: Pou plis enfòmasyon sou dwa ak responsablite elèv, gade nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv (*Code of Student Conduct*) epi nan Seksyon Privilèj chofè ak prezans lekòl (*Driving Privileges & Attendance*) regleman sa.

DWA AK RESPONSABLITE FANMI

1. Yo dwe enfòmè fanmi sou responsablite-li sou keksyon prezans ak absans pitit-li lekòl epitou enfòmè fanmi sou konsekans ki ka rive nan ka twòp absans san pèmisyon (truancy). Toulede fanmi ak elèv ka sibi konsekans-yo jan sa dekri nan Liv Kòd Kondwit pou elèv.
2. Manman/Papa yon timoun ki gen laj obligatwa pou ale lekòl responsab pou pitit-li ale lekòl toulejou, jan lalwa ekzije-li. (F.S. 1003.24)
3. Manman/Papa dwe rapòte absans pitit-li konfòmman ak pwosedi ki dekri nan Kòd kondwit pou elèv (*Code of Student Conduct*). Si lekòl-la mande, fanmi-an dwe prezante papye ki dokimante maladi elèv-la. Doktè oswa klinik sante piblik kapab ba-li papye a.
4. Fanmi andwa mande yon chitatande (hearing) si li refize patisipe nan entèvansyon *child study team* (ekip pwofesyonèl k'ap etidye timoun) devlope paske fanmi-an kwè entèvansyon-yo pa nesèsè oswa pa apwopriye. (F.S.1003.26 (1) (b) (e))
5. Fanmi yon elèv ki prevwa elèv-la kapab manke omwens 15 jou lekòl swivi poutèt maladi, pwoblèm sante, oswa pou rezon sosyal/emosyonèl, oswa elèv-la manke plizyè jou lekòl pandan tout ane a nan diferan entèval pou youn nan menm rezon-yo, elèv-sa-a ka

kontinye resevwa enstriksyon lakay-li. Fanmi-an kapab notifiye lekòl-la epi mande pakè ransèyman ak fòmilè pou pwogram ansèyman adomisil (*Hospital/Homebound referral packet*).

6. Manman/Papa andwa konnen si pitit-li pa ale lekòl; lekòl-la dwe notifiye fanmi lè pitit-li pa vin lekòl menmsi paran-an pat rapòte oswa avèti lekòl-la pitit-li tap absan (1003.26(1)).
7. Se responsablite fanmi pou fè responsab enskripsyon nan lekòl-la (registrar) konnen lè enfòmasyon tankou jan pou yo kontakte-li ak nimewo telefòn-li, chanje. Si fanmi pa respekte regleman sa a, lekòl-la ap blije kontakte otorite konpetan.
8. Lwa Leta Florid sipòte patisipasyon aktif fanmi* annatandan elèv-la diplome lekòl-la (F.S. 743.07, 1003.26; 1003.21). Yo sipoze tout elèv depandan fanmi-yo (jan sa defini nan lwa FERPA 34 C.F.R. §99.31(a)(8) ak kòd *Internal Revenue Code* § 152). Yo va notifiye fanmi lè elèv-la vin majè (18 ane), fanmi dwe kontinye egzèse responsablite vizavi elèv-sa-a konsidere kòm depandan-li. Annatandan elèv-la diplome, fanmi dwe asime responsablite sa-yo, -men se pa yo sèlman- rele oswa ekri pou eskize absans ak reta, ekri nòt pèmision pou mande elèv-la soti lekòl pi bonnè, bay otorizasyon pou elèv-la ale nan sòti òganize (*field trips*), oswa lòt aktivite, lè sa nesesè, enskri oswa teminen anwolman-li lekòl (retire-li), sòf nan sikonstans-sa-yo:
 - (1) Elèv-la soumèt dokiman ak papyè espesifik epi ki aseptab (tankou kontra lwaye, *liz-lease*, etc.) pou montre li endepandan, li pa sou kont fanmi-li epi sipozisyon li se yon elèv depandan pa aplike nan sitiyasyon-li.
 - (2) Elèv-la vin emansipe, selon dispozisyon Lwa Leta Florid (FS 1003.21(1)(c), F.S. 743.07).
 - (3) Elèv-la pa gen fanmi epi direksyon lekòl-la verifye reyalite sitiyasyon elèv-la (ekzanp nan kominikasyon avèk fanmi, avèk pwogram edikasyon pou elèv san lojman - *Homeless Education Program* -, oswa avèk Depatman timoun ak fanmi nan Florid -*Florida Department of Children and Families*, lè sa nesesè).

* Definisyon mo fanmi/paran enkli manman, papa biyolojik, gadyen legal, nenpòt moun ki gen relasyon fanmi avèk elèv-la oswa "nenpòt moun ki gen otorite pou sipèvize elèv-la nan plas fanmi-li." 1000.21(5), F.S.

RESPONSABLITE LEKÒL/DISTRIK

1. KENBE DOSYE EPI ENPLIMANTE ENTÈVANSYON

- a. Direktè (prensipal) chak lekòl dwe pran tout dispozisyon nesesè pou asire tout rapò sou prezans ak absans lekòl egzakt epi prepare atan. Diplis, direktè a dwe ofri manm estaf lekòl-la opòtinite patisipe nan trenning ki va ede-yo prepare avèk ekzaktitud rapò prezans ak absans elèv nan lekòl-la. (F.S.1003.23 (1)). Yo ekzije chak direktè lekòl kenbe pou chak elèv ki anwole nan lekòl-li dosye ki montre lè elèv-la prezan oswa absan chak jou diran ane eskolè a. (F.S.1003.23 (2)).

- b. Lekòl-la va kontakte atan fanmi elèv-la chak fwa gen yon absans ki pa eskize (F.S.1003.26 (1) (a)).
- c. Si yon elèv akimile senk jou absans (30 è) nan yon peryòd regilye nèf semenn klas (*marking period*) oswa 10 jou (60 è) nan de peryòd nèf semenn klas, direktè lekòl-la/anplwaye ki deziyen va detèminen si elèv-la ap pran abitud absan lekòl (pa vin lekòl). Si pa gen dokimantasyon aseptab, direktè lekòl-la/anplwaye ki deziyen dwe refere ka elèv-la bay *Collaborative Problem Solving Team* (ekip pwofesyonèl k'ap rezoud pwoblèm an kolaborasyon) pou detèminen si elèv-la ap devlope bonnè abitud absans san pèmisyon, fè woul (truancy), epi founi entèvansyon apwopriye. (F.S.1003.26(1)(b)).
- d. Direktè-a/anplwaye ki deziyen va bay fanmi elèv-la pakè ransèyman ak kopi aplikasyon epi fòmilè nesèsè pou pwogram ansèyman nan lopital/lakay (*Hospital/Homebound referral packet*). Kifè, lekòl-la va refere yon elèv pou pwogram-la si timoun-nan va manke omwens 15 jou lekòl swivi oswa plis swa pou rezon maladi, pwoblèm sante, rezon sosyal/emosyonèl, oswa si elèv-la va manke plizyè jou lekòl pandan tout ane a nan diferan entèval pou youn nan menm rezon ki fèk mansyonne.
- e. Si paran/gadyen legal yon timoun yo idantifye k'ap pran abitud absan lekòl, anwole timoun-nan nan yon pwogram ansèyman adomisil, Sipèrentandan/anplwaye ki deziyen, va refere fanmi-an bay yon komite evalyasyon pou ansèyman lakay. Komite a konpoze ak Lyezon nan Distrik-la pou pwogram ansèyman lakay epi omwens ak 2 pwofesè ki anseye adomisil, fanmi-an chwazi nan yon lis anseyan distrik-la genyen. Anseyan-yo dwe sipèvize yon pwogram ansèyman adomisil pandan omwens twazan epi montre volonte-yo pou sèvi nan komite a.

PRIVILÈJ CHOFÈ AK ABSANS LEKÒL

Lwa leta Florid *Florida Statute 322.091* ak *1003.27(2)(b)* ekzije distrik eskolè voye yon rapò bay *Division of Highway Safety and Motor Vehicles – DHSMV* (Depatman Sikilasyon) pou kominike non, dat nesans, si elèv-la gason oswa fi, ak nimewo kat sosyal sekirite elèv ki gen laj katwòzan ak dizwitan (laj 14–18 ane) ki akimile 15 absans ki pa eskize nan nenpòt peryòd katrevendis (90) jou. Distrik eskolè-yo blije òganize odyans (*hardship hearings*). Yon elèv andwa mande yon odyans pou eskplike difikilte sitiyasyon-li diran odyans-la (*hardships hearings*). *Board*-la otorize Sipèrentandan-an devlope pwosedi administratif pou enplimante lejislasyon-an.

- a. Direktè lekòl-la/anplwaye ki deziyen va dirije odyans-la nan 30 jou apre li resevwa demann-la selon pwosedi Sipèrentandan-an tabli.
- b. Yo kapab retabli lisans chofè yon elèv si li vin regilyèman lekòl pandan 30 jou swivi (elèv-la prezan chak jou diran 30 jou).

KONSEKANS POU TWÒP ABSANS LEKÒL (TRUANCY)

- a. Yon timoun yo jwenn k'ap fè woul, absan lekòl san pèmision (truant), yo kapab mennen-ni nan sant jivenil, *Juvenile Assessment Center* oswa nan tout lòt lokal distrik eskolè a louvri pou resevwa elèv-sa-yo. Se responsablite lapolis pou rele lekòl-la epi detèminen si timoun-nan gen bon rezon ki pwouve poukisa li pa al lekòl.
- b. *Division of Highway Safety and Motor Vehicles* ap retire tout lisans (pèmi kondwi) elèv ant katwòzan ak dizwitan (14-18 ane) ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan 90 jou oswa li pap ba-yo yon lisans si yo aplike pou youn.
- c. Si yon timoun blije frekante lekòl epi li pa konfòme-li malgre tout efò ak entèvansyon yo fè pou timoun-nan vin lekòl epi Sipèrentandan-an pran desizyon pou li pa fè yon petisyon pou absans eksepsyon (*truancy petition*) oswa si timoun-nan pa konplete avèk siksè pinisyon/sanksyon Tribinal-la òdonnen, yo va refere ka-a bay yon komite staffing (*staffing committee*) konfòmman ak seksyon *Section 984.12*. Komite a kapab fè yon petisyon pou timoun ki bezwen sèvis (*child-in-need-of-services petition.*) (F.S. 1003.26)
- d. Si paran-an refize patisipe nan entèvansyon pou korije pwoblèm abitud absans pitit-li epi li deside egzèse dwa-li pou konteste desizyon (fè apèl) devan *School Board* paske paran-an kwè entèvansyon-sa-yo pa nesè oswa yo pa apwopriye, distrik eskolè a ap nonmen yon *hearing officer* ki va fè devan Board-la yon rekòmandasyon pou yon aksyon definitif. Si *Board*-la detèminen entèvansyon-yo apwopriye epi fanmi-an ap kontinye refize patisipe oswa kowopere, *Superintendent*/anplwaye ki deziyen kapab voye ka-a nan tribinal pou pouswit kriminel epi bay kòm rezon fanmi-an pa konfòme-li avèk regleman sou eskolarizasyon obligatwa. (F.S.1003.26 (1) (e))
- e. Elèv ki absan abityèl (truant) kapab pèdi lajan asistans tanporè pou fanmi ki nan nesite (*Temporary Assistance for Needy Families - TANF*) yo resevwa grasa pwogram *Learnfare Program*. Yap bay lajan-an ankò sèlman lè tout kondisyon lalwa satisfè (vle di pandan 30 jou elèv-la dwe prezan regilyèman lekòl; li pa gen okenn absans ki eskize).
- f. Lè yon elèv transfere nan yon lòt distrik eskolè kòm yon mwayen pou kontoune pwosedi entèvansyon remedyasyon pwoblèm absans li lekòl, ajans ak lekòl ki konsènen dwe voye bay nouvo distrik eskolè-a kopi tout dosye pwosedi ki mansyonnen anwo-a. Kopi dosye-yo gratis. (F.S.1003.28)

Statutory Authority: 1001.41(1) &(2), 1001.42, 1001.51(24) Fla. Stat.

Laws Implemented (lalwa enplimante): 1002.20(2), 1003.01(5), 1003.02(1)(g), 1003.21, 1003.22, 1003.23, 1003.24, 1003.25, 1003.26, 1003.27, 1003.28, 1003.29, 1003.31, 1003.32, 1003.4156, 1006.08 Fla. Stat.

History:

Adopte: 09/02/99

Amannman: 11/14/00, 04/18/06, 07/24/07, 08/05/08, 04/21/09, 8/20/13, 6/09/2015
6/21/16

BED<HC#250/is/08/16 Document translated by the Bilingual/ESOL Department (08/16)